ФИФІ ФЫМЫГЪОПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫПІЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№79 (21.237) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Парламент едэІуэныгъэхэр

Іулъхьэ зэІэпыхьыным ебэныным топсэлъыхь

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал уахэкІэмкіэ, щыпІэ самоуправленэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и комитетым и эрэдэмкіэ дыгъуасэ Налшык щекІуэкІащ парламент едэІуэныгъэхэр. Къэбардей-Балъкъэрым коррупцэ щымыкъэІэным, 2008 - 2010 гъэхэм абы ебэныным Іэ-фІагъэкІыпхъэхэм теухуа программэм и проектымкіэ Іуэху еплъыкІэхэр зэтеухуа кьищрадзхьа зэІуцІэр къыдэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

ЗЭІУЩІЭМ и пэублэм депутат **Махуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъмкіэ парламентарэхр екъуэхуа нэуэкь, къэпсэлъапІэм къраГъэблэгъащ КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр **Томчак Юрий**.

- КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм игъэнэхьапэ Іуэхухэуэхэм ящыщкІ коррупцэм, Іулъхьэ зэІэпыхьыным пыщІауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм ебэныныр, - жиІащ министрым. - КъБР-м и Прокуратурэм, ФСБ-м и Управленеиэу Къэбэрдей-Балъкъарым щыІэм, ізгъэущІ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм дапыщІауэ а лэжьыгъэр зэредгъэкІуэкІым кърикІуахэм ящыщу кьыхэзгъэщІыну сыхуейт къэрал къулыкъущІэ, щыпІэ администрацэ Іэнатіэ зезыхъэ щІыху зыбжанэ зэрыгъагъэкІар. Коррупцэм ебэныныкІэ республикэ программэм и зэхэтыкІэм щхьэхуэу и гугъу пщІымэ, абы и унэтІыныгъэхэм хохьэ ди республикэм ІулъхьэкІэ щыгэфІах Іуэхухэр гъэмэщІакІэ, къэрал кьулыкъущІапІэхэм, къэрыгъэтыщІэм, жылагъэр гъащІэм абы щиІэ «гущІэр» гъэужьыхьыныр, щІыхуэхэм я хуитыныгъэхэр хьэмэныр, ізгъэущІхэри. Программэм кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр зэдгъэхьулІэным хуэхаа мылъкум кьищынэмыщІа, текІуэдэнущ иджыри сом мелуани 2-р? мин 560-р? (2008 гъэм - сом мин 570-р?, 2009-м - сом 1 мелуанр? мин 370-р?, 2010 гъэм - сом мин 920-р?).

АдэкІэ кьэпсэлъапІэр хуит хуащІащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ хабзэхьумэ Іэнатіэхэмрэ щыІэ **Къуэшырокъуэ Залым.** Абы диІыгъащ министрым жиІахэр, гу зылъытапхъэ Іуэхугъуэ зыбжанэ дыщІигъэжащ.

- ФызэрыщыгъуазэщІ, Іулъхьэ Іуэхум кьыхэкІ щІэпхъаджагъэхэр кьыщыхьэр ди республикэм е Урысей Федерацэм и закъуэкым, - жиІащ Къуэшырокъуэм. - Абы дуней псор зэрызэщІищтэрэ куэд щІащ. ИкІи коррупцэм зэребэн щІыкІэхэми Іэмалхэми, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар нобэр кьызэдэсым яхуэгъэкІуэдакьым. Зи гугъу тщІы республикэпсо программэмкіэ дэ зыхуэдгъэувыж кьалэныр а «уэ зэрыщІалэм» зэрызедмытгъэубгъуныр? абы ибудар нэхъ мащІэ зэрытщІыныр? Гу зэрылъыфтащи, программэр зытегъэпсыхьар къэрал кьулыкъущІапІэхэм кьыщыхъуэ коррупцэрщ, абы и профилактикэ гъэзэкІуэныр. Ауэ абы кьыдэкІуэуи гурыІуэгъуэщ Іулъхьэ зытми кьеІыхьхми зэхуэдэу щІэпхъаджагъэ зэралэжьыр. Абы кьыхэкІыу, щІыхуэхэм я хуитныгъэхэмкіэ зэхэщІыкІым зегъэужьыщ, зыІууэ Іуэхуэхэр хабзэм тету зэрызэфІахьфыну щІыкІэхэм изхьыфІу щыгъэкъуэхэм хуейщ.

Парламент едэІуэныгъэхэр зэхэщІныр жэрдэм зыщІа Законодательствэмкіэ, къэрал уахэкІэмкіэ, щІыпІэ самоуправленэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Абазэ Руслан** жиІащ:

- Коррупцэр зэрымыІуэху джэгур махуэ кьэс нэхь нэрылъагъу кьохьу. Абы егъэмахэ лъэпкъ шынагъэщІагъэр, ди къэралым и зыужьыныгъэмрэ зэкъуэтныныгъэмрэ кьегъэтІасхъэ, ди экономикэр кьэзыІэтинвестицхэр кьелъахъэ, хамэ кьэралхэм я пащхьэ Урысейм щиІэ пщІэр лъахъшэ щещІ. Іулъхьэ зэІэпыхьыныр абы кьрикІуэ щІэпхъаджагъэхэмрэ я зэранкІэ щІыхуэм дзыхь хуащІыжыркым кьэрал кьулыкъущІапІэхэм. Коррупцэр зы бзыпхъэу гъэнса ІуэхуэзекьэкІэщ, икІи абы ебэныныжьу кьэкІыпІэ тыншрэ фІэкІыпІэ имыІэу убыхуарэ щІэкъым. Іулъхьэ зэІэпыхьыныр щІыхуэм кьаэрыдекІуэкІрэ апхуэдизу куэд щІащ, зэрыпэщІэт Іэмалхэм щІэ хэльыжкъым. Гоголь зэритхыгъам хуэдэу, «нэхъапэм Іулъхьэу хьэпшыр нэгъунэ яту» щытамэ, иджы зихьужащ Іулъхьэу ятым и фІагъми и куэдагъми.

Я Іуэху епІыкІэхэр кьаІуатэу зэІущІэм апхуэдизу кьыщыпсэлъащ КъБР-м и прокурор **Жариков Олег,** КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІ **Мер Юрий,** КъБКъУ-м политологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІым и къуэдзэ **Тен Тимур,** нэгъуэщІхэри. КъаІэтэ Іуэхугъуэхэм япкъ иткІэ Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Федченко Людмилэ зэщІэпщІахэм жэуап ираташ Мер Юрийрэ КъБР-м и МВД-м и унафэщІым и къуэдзэ Табыхьу Аслъэнджэрийрэ.

ЕдэІуэныгъэхэм хэтахэр зэгурыІуащ зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэр, дэщІыгъуэкІыпхъэхэр кьалъытауэ, мэлыжьыхьым и 24-м екІуэкІыну зи чэзу Парламент зэІущІэм кьыщыхальхьыну.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Дзэм ираджэхэм йоущие

● Дыгъуасэ

Дыгъуасэ КъБР-м и дзэ комиссариатым щекІуэкІащ «Дзэ къулыкъум ираджэхэм я кьуэ». Хэкум и хъмакІэу кьалэным ирыхьыну ираджа ныбжьыщІэхэр кьаІэщыгъэ кьалэныгъэ щыгъуазэ ящІащ, абыхэм я ащ-анэхэм я ущІэхэм жэуап ираташ республикэ военкомым и кьалэныгъэ щІалъхьэ зыгъэзащІэ полковник Гаджибалаев Гаджибала, абы и къуэдзэ Ондар Алексей сымэ.

- ИДЖЫПСТУ дэ къулыкъур зэрырахьэкІыр зы илъэсщ. Фи дежкІэ нэхъыщхьэр фызыхэхъуэ частым фыкъуэзэгъэнырщ, дэ къулыкъур езыхьэкІхэм я ущытыпытынырщ. Фи пщэрылъхэр тэмэму, жэуапльнырщ зыхэфІцэу ефхьэкІыныр яп ивгъэщІыпхъэщ. ФызыжькІа лъэпкъыр, фи лъахъгъуэкІр фэркІэ гущІэуэу зыкъулыкъу ефхьэкІыну, сыт и лъэныкъуэкІи псыхьаро зэузнщэу дэтхэнэри фи жьэгу кьэвгъэзэжыну дыфщогуть, - жаІащ Гаджибалаев Гаджибала сэлэт фащэкІэ зэщІэхуэпыкІа щІалъхэм.

Дзэм ираджэ ныбжьыщІэхэм ущиец псалъэжэмкІэ зыхуаГъэзащ КъБР-м и РОСТО-м и унафэщІым и къудзэ **Мацыкъу Хъусен,** республикэм и щыхубзэм я зэгугъэныгъэм и унафэщІ **Шорэ Рашид,** КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къудзэ **Дорохинэ Лидие,** дзэм и ветеранхэм я советым и унафэщІ **Романенко Борис,** зауэм, лэжьыгъэм, Іэпхъэщ Іэщ Іуэзэ къаруэм, хабзэхьумэкІэ и ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым щІалъгъуэлъэм ядэлэжьэныкІэ и комиссиемрэ щыпІэ щыгъуэ.

- Фызыжьмэ, фи лъэпкъ, фи лъахъгъуэкІр фэркІэ гущІэуэу зыкъулыкъу ефхьэкІыну, сыт и лъэныкъуэкІи псыхьаро зэузнщэу дэтхэнэри фи жьэгу кьэвгъэзэжыну дыфщогуть, - жаІащ Гаджибалаев Гаджибала сэлэт фащэкІэ зэщІэхуэпыкІа щІалъхэм.

Дзэм ираджэ ныбжьыщІэхэм ущиец псалъэжэмкІэ зыхуаГъэзащ КъБР-м и РОСТО-м и унафэщІым и къудзэ **Мацыкъу Хъусен,** республикэм и щыхубзэм я зэгугъэныгъэм и унафэщІ **Шорэ Рашид,** КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къудзэ **Дорохинэ Лидие,** дзэм и ветеранхэм я советым и унафэщІ **Романенко Борис,** зауэм, лэжьыгъэм, Іэпхъэщ Іэщ Іуэзэ къаруэм, хабзэхьумэкІэ и ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым щІалъгъуэлъэм ядэлэжьэныкІэ и комиссиемрэ щыпІэ щыгъуэ.

Зэ щІэпхъаджагъэхэм, дзэ къулыкъум ираджэхэр зэдашэу частым и лІыкІуэм ад-анэхэм кьабгъэдэкІыу фІыщІэ хуащІащ, ныбжьыщІэхэм «гъуэгу махуэ» жраІащ бын 13-м я анэ Шорэ Софят, Шал Борис сымэ, изгъэущІхэми.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зы илъэс закъуэ фыкъыджьэ! *Сурэтыр* **ЕЛЬКЪЭН Артур** *трихащ.*

● Къулыкъу

Соттаев Къурмэн Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и Іэтащхьэу ягъэув

Мэлыжьыхьым и 23-м екІуэкІащ Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ самоуправленэм и советым и сессие. А сессием **Соттаев Къурмэн Сент и къуэр** щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэу щагъэуващ, зэпеуэ езыгъэкІуэкІ комиссэм кьыхьилъхьэри.

Сессием и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Къэжэр Альберт.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ Іанэ.

● Транспорт

ТІукІэ нэхъыбэ ящІ

Налшык къалэм и троллейбус управленэм и администрацэм, цІыхухэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныжмкІэ фондым, автомобиль транспортым и лицеим зэращІыжІа зэгурыІуныгъэр сэбэп хуэщІ къалэм щызекІуэ пассажир транспортым и лэжьыгъэр зэлубэ щІынымкІэ.

НАПІШЫК къалэм и троллейбус управленэр сытКи хуэщІауэ гъатхэм техьащ. Мы Іуэхущ Іанэм и административнэ унэхэмрэ псэуалъэхэмрэ зыкъуей хуагъэзащ, накьыгъэм и 1-м нэсыху троллейбусхэри зэгъэпэщыжьын яухынущ.

Муниципальнэ транспорт Іуэхущ Іанэм и унафэщІ Шэу Абубэчыррэ абы и лэжьыгъэхэмрэ транспортымкІэ Іэщ ІагъэлІэр республикэм зэриІэпхъыкІыр кьыдэзгъэувыІэным теухуауэ кьыхалъхьар Налшык къалэм и администрацэм диІыгъащ икІи троллейбусхэр зезыгъакІуэхэм я лэжьапщІэр хуэдитІкІэ нэхъыбэ ящІри, ар сом мин 13 - 14-м нэсащ. Улахуэм и мызакъуэу, лэжьакІуэхэр кьыдахьэхьи папщІэ, ахэр зыщІэсын общежит иратынущ, ягъэшхынущ, медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэнущ. А псори троллейбус управленэм и кьарум дэхуэну зэрыщытыр ягъэбелджылащ.

Налшык къалэ округым и администрацэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Тимуррэ. Дунейпсо зэпеуэр зэрекІуэкІа щІыкІэм кьызэхуэсахэр кІэщІу щигъэгъуэзащ. Зэхьэзэхуэм и финалым кІуар КъБКъУ-мрэ Калининград дэт университетымрэ я командэхэрщ. Зэхьэзэхуэм, хабзэм ипкъ иткІэ, финалым кІуа я командитІыр текІуауэ кьаІытащ. А Іыхьэм «судщрагъэжІуэкІын хуейти, зы командэр зыгъэкъуэншэу, адрейр кьыщхьэщыжьу зэпэщІэтащ.

КъБКъУ-м екъулІэныгъэ кьыхуэзыхьа ставтэкІэр щагъэтхэпэн пшых мыгъэзу щыкІэзэрагъэпэщыну зэтурыІуаэхэщ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Къулыкъу

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм пожьэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫ. ***Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущ Іанэм кьызэритамкІэ, сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сом мелуан 40-м щІигъу хухахынущ.***

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэм кьызэрыхагъэщдмкІэ, сабий лагерхэм зыщагъэпсэхунущ еджакІуэ цІыкІу мини 2,8-м нэблагъэм. Ахэр абы зэрыщІэну махуэ 24-м кьурибыдэу, цІыкІу кьэс зы махуэм сом 400 трагъэкІуэдэнущ. ЕджапІэхэм, сабий садхэм кьыщызэІуахыну лагерхэми екІуэлІэнущ цІыкІу мини 4,5-м щІигъу. Ахэр махуэм тІэу ягъэшхынущ.

ЕджакІуэ бригадэхэм щІэлэжьэнущ ныбжьыщІэ мини 2,7-м нэблагъэ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и еджакІуэ цІыкІуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэпэщу екІуэкІыным зыубзыхуну комитет республикэм кьыщызэрагъэпэщащ.

● Жыг хадэхэр

ЗэфІэкІым хохьуэ

«Зэман кІэщІым кьринубдау жыг хадэхэм я зыужьыныр» федеральнэ программэм и фІыщІкІэ зи гугъэ ефІэкІуэжа мэкъумэш Іэнатіэхэм ящыщ «Іуэхугъу Русланэ зи унафэщІ «Мурзэхъуэ ЗАО-р, Предприятэм щІы гектар 800 щиІыгъщ Аруан, Тэрч, Май куейхэм.

ПХЪЭЩХЬЭМЫЩІХЬЭ хадэхэм мы Іэрэшкей, кьыпщІей, пхъэгубгъей хэпльыхьауэ Іэ Іуэжьыгъуэ 13 щагъэкІ. Аэр кьэрашащ Краснодар, Ставрополь, Волгоград, нэгъуэщІ щІыпІэхэм. «Мурзэхъуэ ЗАО-р» гъэмэ къызэгъэпэщащ техникэкІи жыгхэм траутхэ щхьэхьэмкІи. Предприятэм щІыху 250-м нэс егъэлэжьэр. Абы хэм я улахуэр щку ину сом мини 10 ирокІу. Хозяйствэм кърихьэлІэ пхъэщхьэмыщхьэхэм щІыпІэ куэдым щІэупщІэ щаІэ хъуащ. Апхуэдэ зэфІэкІым дяпэкІи хэхъуэнущ. Къэлыятапхэщ Къэбэрдей-Балъкъарым и унафэщІхэм «ЖыГ хадэхэм зегъэужьыжьыну» программэр гъэзэщІа зэрыхьум я нэІэ зэрытрагъэтынур икІи абы зезыта лэжьакІуэхэм дяпэкІи мыпхьакІэ (субсидиехэмкІэ) зэрязыщІагъэкъэнущ. «Мэрзэхъуэ ЗАО-м и жыг хадэхэм гъатхэм ираущІыпІэн хуей лэжьыгъэ псори кьаиэ щымыІэу и чэзум зэфІагъэкІащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Іэщэ-2008» Іуэхур йокІуэкІ

Блэкіа жэщ-махуэм къэрал къуэш Іуэхухэмкіэ и орган хэм ащ-анэхэм я Іэщэу тІу къаратащ: зыр Прохладнэ, адрейр - Тэрч районхэм.

Іэщэр тыин Іуэхум зэрыщІидзэрэ псорн зэхэту Іэщэу, къаГъауэ Іэрыщ Іэмэпсымэхэу къаташ сом 371070-рэ и уасэ.

ФИГУ кьэдгъэкІыжынщ зи гугъу тщІы мы Іуэхур егъэкІуэкІыныр ихуныпм махуибл фІэкІа кьыхэзымынэжар.

Къэбэрдей-Балъкъарым и щыхухэу пщІэ зыхуащІхэ КъБР-м и Правительствэм кьывита Іэмалыр къэвгъэсэбэпи, хабзэм емызэгъыу фхъумэ Іэщэхэр хабзэхьумэхэм ефт, абы ахьыш кьыпэкІуэ.

КЪУЛ Аслъэн,
КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іанэм и лэжьакІуэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьызох

Илъэс 40 хъуауэ си Іэпэгъу

Ди анэдэлъхубзэмкІэ кьыдэкІ газет закъуэмрэ сэрэ ди зэшыжьхэгъуэгъэм 1968 гъэм щІидзауэ нобэр кьызэдэсым кьокІуэкІ, махуэ кьэс нэхъ быдэ, нэхъ пэж мэхуэ, «Адыгэ псалъэм» и кьыдэкІыгъуэхэр щІызэдэкІ, зэхьзодзри, щхьхэуэ-кІыхьуэ согъэтІылъ, газетым иІэ рубрикэ кьэс пашэ зыриз яхуэсщІауэ.

ГАЗЕТЫМ и напэкІуэцІ щхьэхуэхэм ящыщ куэд си лэжьыгъэм кьыщызогъэсэбэп. Апхуэдэхэщ «Іуэрыс Іуатэ - дышэ пхъуантэ», «Си еджапІэ - си кьежьапІэ», «Мащхьэдис», «Ислъамым и нур», «ЩІикъуэкІащ адыгэр дунеижьым», «Махуэку» жыхуиІэхэр. А напэкІуэцІхэм кьытехуэ тхыгъэхэм я фІыгъэкІэ дэ едгъадж щІэблэр щыгъуазэ дощІыфдунейм кьыщыхьу-кьыщыщІэхэм, ди республикэм и гъэсапІэ-еджапІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэ пэрытым, ди «дышэ пхъуантэр» щІыкІуэхэм кьахуэзІуэдохри, абы щыгъэтІылъа лъэпкъ хьугъуэфІыгъуэхэм хьідгъаплъэ. Апхуэдэу ахэр худогъасэ дин щэнхабзэм, зыщыІэныгъэм.

ЖыпІэнурамэ, «Адыгэ псалъэр» ди гъэсэнхэмрэ дэрэ ди дежкІэ щІэнгъуэзэ псо мэхъу. Аращ ди щІэблэр лъэпкым и тхыдэ блэкІам, и нобэрей дунейм щІэзыгъэджыкІыр, кьыкІуэну дахэм я зэфІэкІэр ирахьэлІэну хуэзыгъэушыр.

Си тхыгъэм и кІэуэху «Адыгэ псалъэм» и лэжьакІуэхэм сыныбохьуэхьу фи тхьэмадэфІ Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд фи пашэу, узынщагъэ быдэ фиІэу иджыри куэдрэ адыгэ псалъэр лъэпкым хуэвгъэІуну. Мы си усэ цІыкІурэ тыгъэ фхуэщІ.

«Адыгэ псалъэу» си псэм щызгъафІэ,
ФІы кьохьуЛамэ, бдыхохьуэ си гур,
Хьуэхьуэм я дахэр ихузогъэфащ,
Адыгэ фащэ зыщыгъ ди псалъэ.
«Адыгэ псалъэу» кьуалэбзубзэ,
Анэбзэ дахэкІэ лъэпкым уопсалъэ.
Лъэпкым и лІыкІуэ, и дыгъэ-мазэ!
Адыгэ цІыхум уощІ жан уэ и лъэр.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий,
егъэджакІуэ.
Дзэлыкъуэ куей, Малкэ кьуажэ.

КъБР-м и цІыхухэм, Іуэхущ Іапі Іэхэм захудогъаз

ПОЩТ зэпыщІэныгъэмкІэ федеральнэ кьулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм хьыбар фегъащІэ газетхэмрэ журналхэмрэ 2008 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьаІэрыхьэн папщІэ Іэ тренъздэзыным зэрыщІадзэмкІэ. Нэхъ фигу ирихь газетхэм, журналхэм и зэманым Іэ тевдзэ. Фэ кьыщыфпоплъэ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі Іэ псоми.

Пощт зэпыщІэныгъэмкІэ федеральнэ кьулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэр.

● Дунейм ПДАЖЬАЖЬАРЭ

ЛІэщІыгъуэм и цІыху

Москва и Новоделичье кьхъм кьыщызІуахащ УФ-м и апэ президент Ельцин Борис и кьхъащхьэм трагъэувa мемориалыр.

Абы екъэлІа Іуэхуэхэм хэтащ Урысейм и Іэтащхьэ Путин Владимир. ЗэІущІэм кьыщыщІэдзьэм, абы жиІащ Ельцин Борис лІэщІыгъуэм и цІыхуу щытауэ. Абы хуэзфІэкІуащ ди къэралым и зыужьныгъэр демократие унэтІыныгъэм гъэпсыгъэуэн, Урысейм и щІэр дуней псом кьыщиІэтым. Ельцин Борис дэ кьыгъэхьэжащ икъуэІ ягу кьеуэрт урысейхэм я щІэблэр куэдым. Ельцин Борис и фэеплъыр тхьыдэм итащІэкІэ кьыхэнащ, жиІащ Путин Владимир.

Окруашвили Тбилиси дэкІуэсыкІым хуэй хьэщ и кьулыкъум трагъэкІа нуэ.

ПхузофІэмыкІмэ...

УФ-м и МЧС-м и унафэщІ Шойгу Сергей Ростехнадзорымрэ Рослесхозымрэ я лэжьакІуэхэр игъэкъуэщащ я кьалэныгъэр тэмму зэрамыгъэщІэжкІэ.

Абыхэм мэзхэр яхуэхъумэрэ, ауэ фэ зытрагъауэ яхуэзфІэкІ псори ялэжь хуэдэу. Мэзхэр мафІэм щыпхьымэн пхузофІэмыкІынымэ, ар кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу жьІэн хуейщ, кьыхигъэщащ абы.

Мы зэманым Урысейм и щІыпІэ куэдым мэзхэм Іугъуэ Іувэр щащхьэщытщ. Апхуэдэ мафІэсышхуэхэр Урысейм щыІатэкъым нужьрей илъэс 30-м.

Китайр егъэкъуэншэ

США-м Китайр игъэкъуэншащ хуэпхьэу нэщІхэр зэрыришмкІэ.

Ауэ Пекин зытригъэхьэрэкъым: абы жеІэ апхуэдэ хуэпхьэу дыдэхэр игъэуэщІ къэрал 11-ми зэрахуригъашэр икІи абыхэм ящыщу идкьыр кьэмыарэзыщу зыри кьызэрымывар.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ЩІалэгъуэлъ зэакьылъгъуэныгъэм и дунейпсо махуэщ. Демократие щІалэгъуалэм и дунейпсо федерацэм и унафэкІэ ягъэлъапІэ.

◆1915 гъэм Уэмэзи Тыркум щыгъэтрагъэ ермэлыхъэм я фэепль махуэщ. 1989 гъэм ягъэуваш. Армением мэлыжьыхьым и 24 махуэр зыгъэпсэхугъуэщ.

◆ Мэлыжьыхьым и 24 - 30-хэм Бангкок (Таиланд) щекІуэкІынущ ООН-м Азиемрэ Хы хуэмыдмкІэ и экономикэ, псэуныгъэ комиссэм и 64-нэ сессиер.

◆ Москва щекІуэкІынущ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и зи чэзу съездыр.

◆ Мэлыжьыхьым и 24 - 27-хэм Санкт-Петербург щыхэхэтынущ «Санкт-Петербург дунейпсо тхъыль салон-2008» дунейпсо тхъыль выставкэ-жармыкІэр.

◆ Мэлыжьыхьым и 24 - 27-хэм Прагэ (Чехие) 14-нэ дунейпсо тхъыль жармыкІэрэ Будапешт (Мэжэр) 15-нэ дунейпсо тхъыль фестивалрэ щекІуэкІынущ.

◆ Илъэсы 110-рэ и пэкІэ лІащ совет кинорежиссер, СССР-м и цІыхубз артист **Ктров Алексей** (1890 - 1980).

◆ Илъэс 45-рэ и пэкІэ лІащ совет кинорежиссер, СССР-м и цІыхубз артист **Луков Леонид** (1909- 1963).

◆ УэрджьаІаКІуэ, КъБР-мрэ Ингушымрэ щІыхь зиІэ я артистКъ **Даур Иринэ** и махуэ лъапІэщ.

◆ Дыгъэ кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикьи 2-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 54-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 45-рэ.

Плащоцэр зыгъэхьэзырар ПАД Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Блэбгъэкіа гъатхэ махуэм ульэІэсыжьыркым.

● Къэрэшей-Шэрджэсым и Правительствэм и Іэмалыр къэвгъэсэбэпи, хабзэм емызэгъыу фхъумэ Іэщэхэр хабзэхьумэхэм ефт, абы ахьыш кьыпэкІуэ.

КЪУЛ Аслъэн,
КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ Іанэм и лэжьакІуэ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● Пенсэхэр

Зэманым декІу

Урысейм и щыналъэм я бюджетэм х уабжьу залэт. Ди къэралым зы щыналъи иІэкьым мы гъэм япэ мазищым зи хэхъуэхэр Іыхъэ щанэкІэ хэхьыбэ мыхъуа.

"ІЭНАТІЭ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрызаужьым и фыгъэкІэ, япэ мазищым щыналъэхэм я бюджетхэр куэдкІэ нэхъыбэ хъуащ, - щыжиІащ Президентым и деж щекІуэкІа зэлуцІэм вице-премьер, финансхэмкІэ министр Кудрин Сергей. Зэрыщыту къащтэмэ, къэралым и щыналъэхэм я бюджетхэм ику иту процент 30-40-м заІэтащ. Нэгъабэ и япэ мазищым ельытауэ щыналъэхэм лейуэ яІэрыихьащ сом мелиард 350-м щІигъу".

- Ар зи фыгъэр экономикэм зэрызиужьра? - щІэупщІащ Путин Владимир.

- Нэхъыбэу къапщтэмэ, экономикэм зэрызиІэтырыщ. Мыбдеж ди гуапэ хъууэ къыщыдгъэльагъуэ хъунущ апхуэдэ зэрызыщынагъэм нэхъапэм дотащэ инкэр зыхъуэдутІыпщу щыта щыпІэхэри къызэрызэщІыубыдар. Иджы абыхэм езыхэм мыльку яІэщ, я пащхьэм къит кьалэнхэр зэфІагъэкІыным ирахьэлІэну, - кьыхигъэбелджылыкІаІ вице-премьерым.

Нэхъапэм щыналъи 5-7-м я бюджетэр я пІэ итт, иджы апхуэдэ зи щыІэжкъым. Кудрин Алексей щапхъэу кьихьащ щыналъэ зыбжанэм яхуэзэфІэкІахэр. Псалъэм папщІэ, Калугэ областым мы гъэм и япэ мазищым хэхъуэхэм зыщрагъЫэтыфащ процент 64-кІэ. А бжыгъэхэр Кострома областым - процент 61-рэ, Псков областым - процент 60, Сахалин хы Тыгум - процент 65-рэ щохъу. Нэхъапэм дотащэшхуэ хуэутІыпщу щытащ Тыва Рес публикэм. Иджы абыя мы гъэм и япэ мазищым бюджетыр процент 85-кІэ игъэзэщІафащ.

"Я кьалэнхэмрэ зыхиутхэмрэ зэрызэщхьэщагъэкІам, хэхъуэхэм я хэкІыпІэу щытым куэйр эзрагъэтэмэкам я фыгъэкІэ, дэ ди мурадхэр кьыщыдэхъуІащ бюджет Іэнатіэм", - жиІащ Кудрин Алексей. Мы Іуэхур псом япэу зэхэзІащ урысей экономикэм псынщІэу зэрызиужьыщІр. Абы щыгъуэми, язынкІуэ къэралхэм я зыужьыныгъэр щІоужьыхэ. Ауэ Урысейм Іьащу зыщыреи промышленностым. Пэжщ а зыужьныныгъэр зы мащІэкІэ кьыдзэтеуфыІуэу щытащ, Арщхьэкіэ щІышылэм, мазаем, ГъатхэпэмкІэ щІэхуэбжьажащ.

- Уэ бжыгъэ нэхъ тэмэмхэр кьыпхуэжьыну? Сыт хуэдэ Іэнатіэхэра зызыщужьр?- щІэупщІащ Путин.

Министрым и жэуапым тещІыхьмэ, нэхъ псынщІэу заужьащ машинэ Іэмэпсымэхэр щащІ, (процент 16,4-кІэ) транспортымрэ абы ирахьэлІа Іэмэпсымэхэмрэ я Іэнатіэхэм (процент 14,4-кІэ).

- Жыпіэ хъуну технологие Іэмэпсымэхэр ди деж кьашэн папщІэ таможнэ пощлинэхэр зэрыдгъэмэщар сэбэп хъуаУ? - щІэупщІащ Президентыр.

Экономикэ зыкъыжьныгъэмрэ сатумкІэ министр Набиуллинэм жиІащ апхуэдэ унафэр зыгуэркІэ щІэгъэкъуэн хъуаУ. Пэжщ, абы кьыхэкІыу, импортми нэхъ псынщІэ у хэхъу э. Псалъэм папщІэ, япэ мазищым абы процент 42-кІэ зрачащ. Ауэ узышуфыкІ хъуну Іуэхухэри щыІэш - нэгъуэщІ къэралхэм кьраш хъэпщІыпхэр ди щыналъэм кьыІэрэзэпращ щыкІэмэ зе хьу зж. Машинэхэу, Іэмэпсымэхэу, транспорт лІэужьыгъуэхэу кьашэр хуэдиткІэ нэхъыбэ хъуащ. "Абы кьыхІыр ди экономикэр технологие пэрытыр кьитгъЫурыщІэным и лъэхэзэмэ хихьаУ", - кьыхигъэщащ министрым.

Путин Владимир жраІащ къэралым и экономикэм зэрызиужьым щыхьэт техьуэ нэгъуэщІ Іуэхухэри. Псалъэм папщІэ, ГъатхэпэмВВП-м процентри 7,8-кІэ зиІэтащ, ауэ, зэрыщыту кьапщтэмэ, япэ мазищым я бжыгъэ процентри 8 хъуащ. Набиуллинэм и псалъэм ятІущІыхьмэ, инвестициэхэу ди къэралым и мыльку кьыхальхьащ процент 20,2-рэ, розничнэ сатум зыщІэтащ процент 16,7-кІэ. Ауэ Набиу блинэм зиумысыжьын хуей хъуащ щыху - жэр зыхуеИхэмкІэ нэхъыбэу кьызэрэгъэзэпэщІр нэгъуэщІ къэралхэм кьрашэр арауэ зэрыщытымкІэ.

ИужькІэ УФ-м и Президентым министрэм ящыщ гуэрхэр иутІыпщыжащ инкІи кьэнэжа зэманыр адрей кьулыкъущІхэм ящыгъуэ игъэкІуэщ, Президенту хаха Медведев Дмитрий, Президентым и чэнджэщэгъу Щуваловым Игорь. Эксперт Іуэхущ Іапм и пашэ Дворкович Аркадий сымэ ягъуэсу. Къэралым и Іэтащхьэм кьыхилхьащ пенсэ зэрат щыкІэ, узышиагъэр хьумэным и Іэнатіэр кьызэрэзагъэпэщ Іуэхущхэр егъэфІкІэуэным теухуауэ лэжьыныхьэхэр. "Дэ ди дежкІэ абыхэм нэхъ р нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэ щІыкІэкьым", - жиІащ Путин. - Аращ дэ илъэсищ бюджетыр щызэхэтлъхьэкІэ псом зэпэ идгъэщІын хуеИр. ЗэрыгурыуэгъэуэщІ, къэралым 2020 гъэ пщІондэ зэрызиужьыну щыкІэри абы едгъэкІун хуейщ.

Дэ нобэ зэпэ идгъэщІапхъэщ щыхур псэун папщІэ иІэн хуейхэр, - кьыхихгъэщащ Президентым. - Пенсэхэмрэ фІагъ зиІэ медицинэмрэ зэтетдухуэнымэ нэхърэ нэхъ кьалэнышхуэ кьыптэщІыткъым».

КУЗЬМИН Владимир.
"Российская газета".

● Къулыкъур

Унафэр нэхъыбэрэ зыІэщІэлъахэр

Куэдым ягугъэщ Кастрэ Фидель нэхърэ нэхъыбэрэ властым пэрыта щы-мыІэу. Ауэ ар пэжкъым. Кастрэ еханэ кьуденэу араш.

ВЛАСТЫМ пэрытынкІэ рекорд зыгъэувар Японием и пащтыхь Хирохитэщ. Абы 1926 гъэм пащтыхьыгъуэр кьыпТысауэ щытащ инкІи 1989 гъэ пщІондэ а къулыкъу лъагэр иІыгъащ. Хирохитэ и ныбжьыр илъэс 88-м иту дунейм ехьжащ.

Етуанэ дунейпсо зауэм и зэманым 1941 гъэм Тайландыр Японием кьузуваУ щытащ. Ауэ 1945 гъэм а къэралыр Японием и дамэм щІэмытыж мэхъу. КьыкІэлыкІуэ гъэм а къэралым и пащтыхьу ягъэзэщІ. Ар 19 фІэкІа зи мыныбжь Адульадет Пумипон (Рамэ IX). Иджы ар илъэс 81-рэ мэхъу, ауэ иджыри дызрэзехьэщ. Хэт инщІэрэ Адульадет япон пащтыхьым и рекордыр ихьугъэфынкІи хъунщ. Ар властым традзыну куэдрэ хэтащ, ауэ зэи яхуэзэІэкІакьым. Пумипон парт, зэщІэкъуэеныгъэ зыбжанэм я ІыкІуэкъэр зыхэт правительствэ кьыхэзгъэнэщІафащ. И щхьэгъусэ Сириникитфащ. И щхьэгъусэ Сириникитрэ абырэ зы кьуэрэ пхъищІэрэ яІэщ. ЩІалэр илъэс 56-м итщ. Ариун кьыщІэкІынщ и адзэм и пІэм кІуэнырэ.

Ещанэж къэбгъэльагъуэ хъунущ Индижьлыз пащтыхь Георг III (1738-1820). Ар и адэ Георг II дунейм ехьжа нэужь, 1760 гъэм и ныбжьыр илъэс 22-м иту пащтыхь хъуауэ щытащ. ЛъэпкъкІэ Ганноверхэ ящыщ. Георг III ящыщш Индижьлызым нэгъуэщІ къралхэр къэубыдыныр, ахэр колониеу гъэувыныр зи политикэу щытахэм. НэгъуэщІ къэрал куэд Индижьлызым и унафэм щІэгъэувэныкІэ абы куэд дыдэ ипхьащ, ахэр гъэпщыпльыныкІи гущІэгъуншІэт. А псори лъэужьыншІэу кьэнакьым. 1820 гъэм абы и акъылыр зэІыхьащ, мыхъужьын уз бзаджи кьеуэІащ, зыхьжари аращ. Абы и пІэм иуват и кьуэ Георг IV.

Илъэс 58-кІэ пащтыхь кулыкъум пэрытащ Стюарт Марие и кьуэ Яков VI. Ар 1567 гъэм Шотландием и пащтыхь хъуащ. Абы и зэманым 1603 гъэм Шотландиемрэ Инджьлызымрэ зэгъуэхри, зы къэрал хъуащ, а Яков VI Инджьлыз пащтыхь хъуащ, Яков I цІэр зэрихьу. Ар хуабжьу хущІэкъурт власть псори езым и Іэмэпсымэм ирипыбдыну. Ауэ ар имыдэу Инджьлыз парламентыр кьуэваща. Абдежым а пащтыхьым и Іуэхур кьэщІыкьуэтэуи хуежьащ, езыри жьы хъуати, куэд ихьыжакъым.

Кастрэ нэхъэ нэхъыбэрэ властыр зыІыгъаХэм ящыщщ Британие Иным и пащтыхь Елизаветэ II. Ар Виндзор лъэпкъым кьыхэкІащ, 1936 - 1952 гъэхэм Британие Иным и пащтыхьу щыта Георг VI и унагъуэм 1926 гъэм кьыщалъхуащ, и адэр дунейм зэрехьжу и ныбжьыр илъэс 26-м иту пащтыхь кьулыкъум пэрыуащ. И анэ Боуз-Лайон дунейм зэрехьжрэ куэд щІакьым, илъэсиз 100-м щІигъкІэ псэуащ. И щхьэгъусэ Филипп илъэс 87-рэ мэхъу. А тІум ичагъэшхуэ яІэщ. Я кьуэ яхъыжьа Чарльз илъэс 60 иригъащ. Абы нэмыщІ кьуэпІэ зы пхъурэ, кьуэрыльхъупхъурылъхуу тху яІэщ.

Елизаветэ II кьэрал зехьэн Іуэхум зэрыхэІэбэшхуэ щыІэкъым. Ар нэхъыбэу зи пщэм дэхуэр правительствэрщ. Правительствэ кьыхэзгъэпэщІр парламентырщ. Абы и хэхьныгъэхэм щытекІуэ партым и лІыкІэр премьер-министру ягъэхъ.

Илъэс 40-м щІигъкІэ пащтыхь кьулыкъум пэрытахэм ящыщщ Леопольд II, Бодуэн (Бельгие), Кристиан IX (Дание), Карл I, Филипп II, Фиппп V (Испание), Филипп I (Франдзыж), Сулейман I Тельыджэкіэ зэдзэу щытар (Тырку), нэгъуэщІхэри.

Ярысхэм пащтыхь 25-рэ кьахэкІат. Абыхэм я нэхъыбэ дыдэр Романовхэ кьатепщІыкІат. Абыхэм я пащтыхь тепщэгъуэр 1613 гъэм Федор и кьуэ Михаил и деж кьыщекІэрэ 1917 гъэм Николай II и деж щиухьжащ.

Ящэ дыдэу урыс пащтыхь хъуар Грозный Иванщ (Иуан IV), адыгэ малъхъэу щытарц. Ар пащтыхь кьулыкъум пэрыуат 1547 гъэм инкІи 1584 гъэ пщІондэ (илъэс 37-кІэ) пэрытащ. МыхъумыщІагъэ куэд зэлъами, Іуэхугъэзэф1 зыбжанэ иІэжьащ. Урысей пащтыхьыгъуэр, къэралыгъуэр игъэбыдащ, Къзан, Астрахъан хъаныгъуэхэр, Къбэрдейр, нэгъуэщІ щІыналъэ куэди Урысейм гуригъэхьащ. Абы кьыкІэлъыкІуэу урысей пащтыхьыгъуэр нэхъыбэрэ зыІыгъахэм я щІыналъэ Екатеринэ II (илъэс 34-кІэ), Федор и кьуэ Михаил, Петр I (илъэс 32-кІэ), Михаил и кьуэ Алексей (илъэс 31-кІэ), Николай I (илъэс 30-кІэ). Илъэс нэхъыбэ пащтыхь кьулыкъум пэрымытахэри щыІэщ. Кьапщтэмэ, апхуэдэхэр Джедмитрий I, Иоанн IV, Петр III.

Пащтыхь 23-рэ кьаэхкІащ адыгэхэми. Мысырыр илъэсиз 135-кІэ зэрахащ, Мысырым и яІэ пащтыхь 1382 гъэм хъуат адыгэ мамлюк Анчокъу Бэркъутау. Абы а кьулыкъу лъагэр илъэс 16-кІэ ІэщІэльащ. Адыгэ мамлюкэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ Мысырым и пащтыхьу щытар Кьейт-бейщ. Абы а кьулыкъу иныр илъэс 28-кІэ ирихьэжкІащ. Илъэс 15-кІэ а кьулыкъур зыІыгъахэм ящыщщ Барэсбей, КІэкьымкъу, Кьаншауэ Гъур сымэ. Абыхэм псоми Мысырым къэралыгъуэм гъуэгум, захуагъэм тригъэуват. Кьаншауэ Гъур дзэпщ гъэрысехьэт. Ар ерыщу пэщІэтащ Тыркум, Ираным, Португалием и дзэхэм. Пащтыхьу щыта адыгэ мамлюкхэм куэду ихэтащ школхэр кьэІэзІызыхэзэр, гъуэгуэр езыгъэщІахэр, къэралым псэукІэр щезыгъэфІэкІуэхэр. Абыхэм я щІэр Мысырым и тхыдэм кьинащ.

Пащтыхьу щымытауэ кьэрал лъыщхьэу езыхьэкІахэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ лэжьар, щэн хэмылъу, Кастрэ Фиделщ - илъэс 49-рэ. Абы кІэтьокІэ Корее Ищхъэрэр илъэс 46-кІэ зезыхьа Ким Ир Сен (1912 - 1994). Ар 1948 гъэм Корее Ищхъэрэм и Іэтащхьэ хъуащ инкІи 1994 гъэм дунейм ехьжьыу и кьулыкъу лъагэм пэрытащ. Абы и пІэм иуващ и кьуэ Ким Чен Ир (1942).

Ливиер зэгуэр Италием Іэщ1эльу щытащ. 1951 гъэм ар кьэрал щхьэ хунт мэхъу, Идрис и пащтыхьу. 1969 гъэм ар полковник Каддафи Муамар тредз, властри еубыд. Абы ПащтыхьмрэКъэралым и президентщ, илъэс 39-рэ хъуауэ. Анголэри нэгъуэщІ къэралхэм я унафэм щІэту кьеКІуэкІа къэрал. Ауэ Нето Агостиньо (1922 - 1979) зи пашэ партым и унафэм щІэту абы щекІуэкІа революцэр токІуэ, Анголэри щхьэхунт мэхъу. Куэд дэмыкІыу Нето дунейм ехьжьыж, кьэралым и президент мэхъу г е нерал Сантуш Жозе Эдуардру душ (1942) инкІи а кьулыкъурэ иджыри къэс ирехьэкІ.

СССР-м властыр нэхъыбэ дыдэрэ щыІэщІэльащ Сталин (Джугашвили) Иосиф (1879 - 1953). Ар КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ секретаруу 1922 гъэм хахри, дунейм ехьжьыху абы пэрытащ. Ди къэралым и щІыналъэ хэм я унафэщІхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ гъэкІуэн гъэкІар Къзбэрдей-Балъкъэрыр зезыхьа Мэлбахъуэ Тимборэщ (1917 - 1999). Ар 1956 гъэм КПСС-м и обкомым и апэ секретару хахри, 1985 гъэ пщІондэ т е ткъ, республикэм зыужьыныгъэ - нэхъыбэ дыдэ щитуэтари а зэманыр щ. Мэлбахъуэ Тимборэ тетыху Къзбэрдей-Балъкъэрым ордениш, Налшык зы орден кьухуагъэфэщащ, Союзэпсо зэхьэзэхуэхэм пщыкІуБлрэ пашэ щыхьэуащ, университетыр, мэкъумэш академиер, нэгъуэщІ куэди кьызэІуахащ.

УЭРЫШ Нурхьэлий.

● Фіамыщі

ЛьапІэ мэхъу

Къуэкіыпіэ Донбассым и щахтерхэм я деж Іэмалыфіхэр кьыкъуэкіащ. Щыдагъэм и уасэхэр зэпымыууэ зэрыхэхъуэм кьыхэкіыу куэдым нэхъ кьащтэ гъэсыныпхъэ папщІэу фІамыщІыр кьагъэсээпэну.

2008 гъэм и щышылэм и 1-м тещІыхьауэ, Ростов областым и фІамыщ гъэтІылъагъэр щыІэр тонн мелард 13,4-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу тонн меларди 6,5-р щыІэлъэІыр кьахутагъэхэхэщ. ЩІналъэр нэхъыбэу зэрыкъулейр антрацитэмкІэщ. Ахэращ фІамыщ нэхъыбэ дыдэр.

КъуэкІыпІэ Донбассым и фІамыщ Іэнатіэм и Іуэхущапіэхэр зэдэщІыр Ростов областым и районихырщ. Мы зэманым льэхэм щолажьэ шахт 13, иджыри щы щаухуэ. Ахэр ягъэлажьэ фІамыщІ компаниехэу 5-м.

2006 гъэм Ростов областым и шахтхэм фІамыщІу тонн мелуани 7-рэ мин 39-м нэблагъэрэ кьыщыщІахащ. 2030 гъэм ирихьэлІэу а бжыгъэр нэсынщ тонн мелард 11-рэ мин 300-м.

Урысейм и Правительствэм Кемеровэ кьаэлэм щригъэкІуэкІа зэІуэщІэм кьыззэрыщагъэльэгъуамкІэ, Урысейм и электростанцыэм 2009 гъэм ГъэсыныпхъэУ кьащхьэкур тонн меларди 10-кІэ хэхъуэнущ, 2005 гъэм ельытауэ. Араш Ростов шахтерхэр зыщыгуфІыр.

Апхуэдэ гугъапІэхэм льабжьэшхуэ иІэщ. Псалъэм и хьэтырыкІэ, 2008 гъэм Новочеркасск ГРЭС-м электрокъарууэ кьилэжьыр киловатт меларди 9,5-рэ хьунущ. Ар абы хуэзэфІэкІын папщІэ фІамыщІу кьигъэсэфэпым тонн мелуани 3,4-кІэ хигъэхъуэн хуейщ. Ипщэ Федерал округым энергиеу кьыщагъэсэфэным псынщІэу зэрыхъуэр кьэпльэтэмэ, а ГРЭС-м зы льэсым киловатт меларди 10,5 нэхър мынэхъ мащІэ кьилэжьын хуейщ. Араш фІамыщІым и уасэр щыхьэхуэр.

АХАНОВ Дмитрий.
«Российская газета».

● Пенсэхэр

Зэманым декІу

Урысейм и щыналъэм я бюджетэм х уабжьу залэт. Ди къэралым зы щыналъи иІэкьым мы гъэм япэ мазищым зи хэхъуэхэр Іыхъэ щанэкІэ хэхьыбэ мыхъуа.

"ІЭНАТІЭ зэмылІэужьыгъуэхэм зэрызаужьым и фыгъэкІэ, япэ мазищым щыналъэхэм я бюджетхэр куэдкІэ нэхъыбэ хъуащ, - щыжиІащ Президентым и деж щекІуэкІа зэлуцІэм вице-премьер, финансхэмкІэ министр Кудрин Сергей. Зэрыщыту къащтэмэ, къэралым и щыналъэхэм я бюджетхэм ику иту процент 30-40-м заІэтащ. Нэгъабэ и япэ мазищым ельытауэ щыналъэхэм лейуэ яІэрыихьащ сом мелиард 350-м щІигъу".

- Ар зи фыгъэр экономикэм зэрызиужьра? - щІэупщІащ Путин Владимир.

- Нэхъыбэу къапщтэмэ, экономикэм зэрызиІэтырыщ. Мыбдеж ди гуапэ хъууэ къыщыдгъэльагъуэ хъунущ апхуэдэ зэрызиужьынагъэм нэхъапэм дотащэ инкэр зыхъуэдутІыпщу щыта щыпІэхэри къызэрызэщІыубыдар. Иджы абыхэм езыхэм мыльку яІэщ, я пащхьэм кьит кьалэнхэр зэфІагъэкІыным ирахьэлІэну, - кьыхигъэбелджылыкІаІ вице-премьерым.

Нэхъапэм щыналъи 5-7-м я бюджетэр я пІэ итт, иджы апхуэдэ зи щыІэжкъым. Кудрин Алексей щапхъэу кьихьащ щыналъэ зыбжанэм яхуэзэфІэкІахэр. Псалъэм папщІэ, Калугэ областым мы гъэм и япэ мазищым хэхъуэхэм зыщрагъЫэтыфащ процент 64-кІэ. А бжыгъэхэр Кострома областым - процент 61-рэ, Псков областым - процент 60, Сахалин хы Тыгум - процент 65-рэ щохъу. Нэхъапэм дотащэшхуэ хуэутІыпщу щыта Тыва Рес публикэм. Иджы абыя мы гъэм и япэ мазищым бюджетыр процент 85-кІэ игъэзэщІафащ.

"Я кьалэнхэмрэ зыхиутхэмрэ зэрызэщхьэщагъэкІам, хэхъуэхэм я кэІыпІэу щытым куэйр эзрагъэтэмэкам я фыгъэкІэ, дэ ди мурадхэр кьыщыдэхъуІащ бюджет Іэнатіэм", - жиІащ Кудрин Алексей. Мы Іуэхур псом япэу зэхэзІащ урысей экономикэм псынщІэу зэрызиужьыщІр. Абы щыгъуэми, язынкІуэ къэралхэм я зыужьныныгъэр щІоужьыхэ. Ауэ Урысейм Іьащу зыщыреи промышленностым. Пэжщ а зыужьныныгъэр зы мащІэкІэ кьыдзэтеуфыІуэу щытащ, Арщхьэкіэ щІышылэм, мазаем, ГъатхэпэмкІэ щІэхуэбжьажащ.

- Уэ бжыгъэ нэхъ тэмэмхэр кьыпхуэжьыну? Сыт хуэдэ Іэнатіэхэра зызыщужьр?- щІэупщІащ Путин.

Министрым и жэуапым тещІыхьмэ, нэхъ псынщІэу заужьащ машинэ Іэмэпсымэхэр щащІ, (процент 16,4-кІэ) транспортымрэ абы ирахьэлІа Іэмэпсымэхэмрэ я Іэнатіэхэм (процент 14,4-кІэ).

● Зэпыщіэныгъэхэр

Куэд щІауэ щІохъуэпс

Ростов, Луганск областхэм экономикэ зэгуэхьэныгъэ кьыззэрагъэпэщ Евросоюзым и хабзэхэм тету. Зи гугъу тщІы зэгуэхьэныгъэр Донрэ Луганск областыщІ щыхьэфІэуэвэнкІэ хъунущ мы гъэм и кІэуэным. Ар кьыззэгъэпэщыным инкІи абы и уставым теуХуа зэгурыІуэныгъэм льэныкьуэхэм Іэ щІадзыну я мурадщ мы гъэм и фокІадзэм нэхърэ нэхъ мыгувэ.

ЗИ ГУГЪУ тщІы Іуэхуинкі льэныкьуэхэр зэгурыІуэщ инщэ кьалащхьэм зэгъэсу щрагъэкІуэкІа зэІущІэм.

«Европеригиыр» - араща а зэгуэхьэныгъэм зэрэдежэр - щыгущ Европэм и Советым и хабзэхэм тету зэтраухуа кьызэгъэпэщыныгъэу. Абы инкь инткІэ зэдзэлажь щыналъэхэм яку зэи кьыдэхъуэркьым таможнэ льэпощхьэпохэр, нэгъуэщІ гугъуехьэхэр.

ЛьэныкьуитІри куэд щІауэ щІохэпхэ зэпхуэдэ зэгуэхьэныгъэм. Ар кьыззэрагъэпэщыну жаІат 2006 гъэм. Абы льандэрэ мы Іуэхум кьэзгъэ тепсэлльыхьащ кьулыкъущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Уеблэмэ яубзыхуат 2007 гъэм и гъатхэм абы и льэныкьуэкІэ зэгурыІуэну. Арщхьэкіэ а пІалъэм кьитІысасыкІ. Зэгуэхьэныгъэм Іуэху къэд пыщІауэ кьыщІэкІащ. Абы Іэнатіэ къэд хэпщІащ. Уеблэмэ ящыхьутхьыпхъэ зэгъэкІуным зэман мымащІэ текІуэдэнщ. Арщхьэкіэ, ворсин зэфІэкІмэ, апхуэдэ зэгуэхьэныгъэм льэныкьуитІми фейдэшхуэ кьаэзрыхуихьынум шэч хэлъкъым.

КРИВОШАПКЭ Юлие.
«Российская газета».

● Абхъаз

Езым и къарукІэ

Абхъазым кьыщагъуэтыжащ мэлыжьыхьым и 20-м абы и уэгум кьыщІэраудыхьа кьхъухьатэтІасхъэщІэхым и кьутахуэхэр.

АБЫ ЩЫГЪУЭМИ Ібилиси и властхэм тхъэ щаІуэ мы республикэм и щІыналъэм зы кьхъухьатэ гуэри щхьэщамыгъэхьауэ. Реингтерацэм пыщІа Іуэхуэмкіэ ахъэ ранат министр Якобашвили Тимур жиІащ кьхъухьатэ тІасхъэщІэх кьызэрнуДыхьну кьару Абхъазым зэриІэм щэч кьызэрытрихьэр. Абы и жэуапу абхъаз генштабым и унафэщІ Зайцев Анатолий кьитгъэгугащ кьраудыха роботым и кьутахуэхэр журналистхэм ирагъэтъагъуну».

Кьамыгъыта республикэм зыльэужьыныгъэкІэ и министрым и кьуэдзэ Кунадбэ Гарри кьыхигъэщхьэхукІащ кьриудыха кьхъухьатэтэм и номерыр зэраубзыхуар, ауэ ар хэлъщІыну ищІакьым. Кьхъухьатэу тІасхъэщІэхым инкъэтэм ящІ Гагидэ кьуажэм и гъунэгъуэ кьащІатыхьэ. Іэмэпсымэр метр мини 6 и щагагьыу кьызэрыраудыхар кьэпльатэмэ, ар зэпэжьжьэу зэрызэхІэщІипхъар гурыІуэгъуэ.

Аущ кьагъуэта кьутахуэхэр кьхъухьатэтэр зыхуэдэр эзагъэкІын папщІэ ирикъымэ, Куржым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и Іуэхур щІагъуэнукьым.

Япэрауэ, Саакашвили Михаил куржы офицерхэм яхунгъэгъуну кьыщІэкІынукьыа езым нужьу кьыхихьыжьа мамыр жэрдэмхэр кьызэрызэпаудри, апхуэдизу льапІэ техникэр Іисраф зэращІри.

Нужьрей тхьэмахуэ зэхуакъэм Абхъазым кьыщрадыха етІуанэ кьхъухьатэщІ мыр.

Япэрейм щыгъуэми Ібилиси зытригъэхьатэкъым. Сыхъум жиІат «Хермес - 450» къраудыхар Израилым и «Элбит Суриус ЛТД» фирмэм щагъэхъзыраУ. Апхуэдэу щыхъум Іуэхум хьыхащ Париж зыщІэзыгъэпщкІуа, зыхъумэжьныгъэмкІэ министру щыта Окруашвили Ираклий.

- Щыхум зэримыгъакІуэ, доллар мелуан 12 и уасэ кьхъухьатэтэр абхъазэм кьыззэрыраудыхьам и хьыбгрыр Нью-Йорк щыІэу зэхэзыха президент Саакашвили дзыгъэ щтам хуэдэу хьэщІэщ пэшым кьыщижьыхьт, - жиІащ абы «Рустави - 2» телекомпаниемрэ и пэжьакІуэм щепсалъэм.

«Хермес - 450»-р куржьдзэм щыІэрыхьа зэманым дыщыгъуазэкьым. Ар хуабжьу абзыщІ щэхуу кьыщІэкІынущ. Ауэ Окруашвили щхьэтеуу жиІаэм тепщІыхьмэ, хуэбгъэфащэ хьунущ щыху имысу ярэІэльатэ кьхъухьатэтэхэр кьащэхунымкІэ жэрдэмщІакІуэу щытщар езыраУ.

«Хермес - 450»-р пилот зэрымыкІуэм и Іэмэпсымэщ. Ар мурад куэдым хуэхэщ, езыр радарэхэм кьаубыдыфыркьым. Километр 200-кІэ мэпъэтэф, зы сыхьэтым километри 130-рэ хуэдиз и псынщІагьщ. Израильм и дзэм 1997 гъэ льандэрэ ар кьегъэсэбэп Палестинэм и щІыналъэм ехьэлІа тІасхъэщІэх хъыбархэр зэхуихьэ-щІ мурадкІэ.

Куржым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм Гагидэ кьуажэм и гъунэгъуэ кьащІатыхьэ. Іэмэпсымэр метр мини 6 и щагагьыу кьызэрыраудыхар кьэпльатэмэ, ар зэпэжьжьэу зэрызэхІэщІипхъар гурыІуэгъуэ.

Аущ кьагъуэта кьутахуэхэр кьхъухьатэтэр зыхуэдэр эзагъэкІын папщІэ ирикъымэ, Куржым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и Іуэхур щІагъуэнукьым.

Япэрауэ, Саакашвили Михаил куржы офицерхэм яхунгъэгъуну кьыщІэкІынукьыа езым нужьу кьыхихьыжьа мамыр жэрдэмхэр кьызэрызэпаудри, апхуэдизу льапІэ техникэр Іисраф зэращІри.

Нужьрей тхьэмахуэ зэхуакъэм Абхъазым кьыщрадыха етІуанэ кьхъухьатэщІ мыр.

«Хермес - 450»-р куржьдзэм щыІэрыхьа зэманым дыщыгъуазэкьым. Ар хуабжьу абзыщІ щэхуу кьыщІэкІынущ. Ауэ Окруашвили щхьэтеуу жиІаэм тепщІыхьмэ, хуэбгъэфащэ хьунущ щыху имысу ярэІэльатэ кьхъухьатэтэхэр кьащэхунымкІэ жэрдэмщІакІуэу щытщар езыраУ.

«Хермес - 450»-р пилот зэрымыкІуэм и Іэмэпсымэщ. Ар мурад куэдым хуэхэщ, езыр радарэхэм кьаубыдыфыркьым. Километр 200-кІэ мэпъэтэф, зы сыхьэтым километри 130-рэ хуэдиз и псынщІагьщ. Израильм и дзэм 1997 гъэ льандэрэ ар кьегъэсэбэп Палестинэм и щІыналъэм ехьэлІа тІасхъэщІэх хъыбархэр зэхуихьэ-щІ мурадкІэ.

Куржым зыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм Гагидэ кьуажэм и гъунэгъуэ кьащІатыхьэ. Абы Израильм и компанием долажьэ. 2000 гъэм и фокІадзэм Куржым и ТАМ фирмэмрэ абырэ зэгъуэгъуэ ящІ ихьащ Су-25 зэрызауэ совет кьхъухьатэтэр егъэфІэкІуэным.

